ko'rinishdagi gumbazli mavzoleyi, Toshkent shahri markazida A.Qodiriy ko'chasi bo'yida joylashgan (6;152). Xalqning turmush muammolarini, «qamchining sopiday» qisqa hayotda, tinch va obod yashash mazmun-ma'nosini, ko'chmanchi xo'jalik madaniyati, oila va uning a'zolari huquqlarini, el-yurt himoyachisi va tayanchi bo'lgan botiru-bahodirlarning harbiy majburiyatlarini, davlat ichidagi Biylarning, xalq «Qozi»larining vazifalari, inson taqdiri o'lchovi-«qunini to'lash» masalasi, xotin-qizlar taqdiri, farzand, taxt me'rosxo'rligi va yana boshqa muhim masalalar, ko'chmanshi xalqlar Qomusi hisoblanadigan-«Yetti jarǵi»da o`z ifodasini topgan. Parchalangan holatdagi Uch Juzni «Xon»lik darajasiga biriktirib, «Yetti jarǵi» dasht huquqiy qonunlar jamlanmasini kelajak avlod uchun namunali huquqiy meros sifatida qoldirgan.

*«Yetti jarǵi»dagi band va tushunchalardan:*

Jinoiy ishlar qatoriga: odam o'ldirish, o'g'irlik qilish, tan jarohati yetkazish, xotin-qizlarni beixtiyor olib qochish, qo'zg'alon ko'tarish, xristian diniga o'tish kabi harakatlar joriy etilgan;

✓ 13 yoshga to'lmagan bolalar-jinoiy javobgarchilikka tortilmagan.

✓ Homilador ayollar odam o'ldirgan bo'lsa ham jinoiy javobgarlikka tortilmagan.

*Nikoh haqida.*

«Yetti jarg'i»da qalinmol berishning tartibi belgilandi: qalinmol ko'lami, kelin tushadigan avlodning, elning, urug`ning davlatiga, turmushiga bog'liq belgilanip o'tirg'an.

✓ Nikohga o'tirishning sharti sifatida 13 yosh belgilangan.

✓ Ikkinch bir shart, bo'lajak juftliklarning yetti otasigacha aloqada bo'lmasligi belgilangan…

«Buyuk Dasht» Orol-Kaspiy dengiz oralig'i, sahro ko'chmanchi xalqlarining taqdirida o'chmas iz qoldirgan tarixiy shaxslar ham har zamonda bo'lgan. «Buyuk dasht» Orol hududi qozoq urug'-qavmlarining el-yurt boshqargan xon, botir (bahodur, bagatur), to'li+botir (tolu+baxadur, tolu+bagatur) biy va sultonlari o'zlarining jasoratli xizmatlari bilan xalq yodidan va tarix sahnasidan o'rin olgan. Orol bo'yi, sahroyi ko'chmanchi xalqlarning tarixiy va ijtimoiy-iqtisodiy hayotida o'chmas iz qoldirgan tarixiy shaxslari: (1610-1652) Jangir xon, (1710-1790) Nurolixon, Jonxo'ja botir, (1772-1826) Qaratay xon, (1783-1833) Aring'azi xon, (1667-1749) Eset botir, (1742-1802) Sirim botir (1791-1838) Isatay botir, (1804-1846) Maxambet botir, (1802-1847) Sulton Kenesari singari tarixiy shaxslar-O'zlik va O'zgalarning el-yurt tag'dirida, sezilarli izlar qoldirganini tarix yoddan chiqarmaydi. Quyi Sirdaryo bo'yi «Qoraqalpoq O'rdasi» xonu-sultoni, biy va botirlari, Kichik juz xonlari bilan har xil simbiozli jarayonlarda bo'lgan. Sharqiy Orol atrofi, quyi Sirdaryo bo'yi qoraqalpoqlarining etno+geografiyasida, ijtimoiy taqdiridagi o'chmas izlar, bizgacha yetib kelgan tarixiy manbalardan o'rin olgan [7:62]. Ko'chmanchi mikro+etnoslarni bir bayroq atrofiga birlashtirib, Jung'orlar (o'yratlar) va Sinlar Xitoyiga (Xitoyning Sinlar imperiyasi davri) qarshi kurashlarda mardlik namunalarini ko'rsatgan, «Buyuk dasht» aholisini birlashtirishga harakat qilgan tarixiy shaxslar ko'p bo'ldi.

*Xulosa.* XVIII-asrning 20-yillari «Buyuk dasht», Orol diyori-«Orolli-O'zbeklar», «Qoraqalpoq O'rdasi» va «Kichik juz» etnoslari bosqinchilik va ekologik ofatlar (jutlar) oqibatidan etno+demografik va etno+migratsiyalik ijtimoiy qiyinchiliklarni boshidan o'tkazdi...

**Adabiyotlar**


1. Султанов Т. Кочевые племена Приаралья в XV-XVII веках. -М.: «Наука», 1986.; Кляшторный С.Г., Султанов Т.И. Летопись трех тысячителей. -А.: 1992.
2. Академик С.К.Камалов. Каракалпаки в XVIII-XIX веках. -Т.: 1968.
3. Мамбетов К. Ерте дәўирдеги қарақалпақ әдебияты. -Н.: 1992.
4. Alewov Ó., Alewova G. Sas biydin' siyasiy-huquqiy kózqaraslari. -H.: 2015.
5. Талдахметов С.Ш. Қазақстан тарийхы . -А.: 2013.
6. Зиядуллаев С.К. Энциклопедия. –Ташкент: 1984.
7. Толстов С.П. История Каракалпакской АССР . Том 1. -Т.: 1964.



**REZYUME**

Maqolada Markaziy Osiyo hududida yashab o'tgan intellektual elitalar: Tauke xon, Sas biy, To'le biy, Qazibek biy, Ayteke biy va boshqalar haqida tarixiy ma'lumotlar bayon qilinadi.

**РЕЗЮМЕ**

В статье представлены исторические сведения об интеллектуальных элитах, жившие на территории Средней Азии: Тауке хана, Сас-би, Толе-би, Казыбек-би, Айтеке-би и о других знатных людей.

**SUMMARY**

The article presents historical information about famous personalities of Central Asia Tauke han, Sas-biy, Kazibek-biy, Aiteke-biy and other noble people.


## КҮНХОЖА ШЫҒАРМАЛАРЫНДА ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДЫҢ СОЦИАЛ ЭКОНОМИКАЛЫҚ АЎҲАЛЫ


**З.Б.Есназарова** – *тарийх илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик институты*



**Таянч сўзлар**: Жаңадәрья, Туркстан, жунғорлар, дифференциаллашув, арис, жайик, Эмба, иктисодий, ижтимоий.

**Ключевые слова**: Жанадарья, Туркистан джунгары, дифференциация, арыса, жайык, Эмба, экономический, социальный.

**Key words**: Zhandaryia, Turkistan, Dzungaria, Differentiation, Arys, Zhayik, Emba, Economic, Social.


Тарийх илиминиң раўажланыўының ҳәзирги басқышында XIX әсирдеги қарақалпақлардың тарийхын үйрениўде қарақалпақ поэзиясын тарийхый дерек сыпатында изертлеў тарийх пәниниң актуаль машқаласы болып табылады. Тийкарынан, XIX әсирде жасаған тарийхшылар Н. Карамзин оның шығармаларында «Письма русского путешественника», «Наталья, боярская дочь» тағы басқа шығармаларын сондай-ақ, рус тарийхшысы Н.И Костомаровтың «Русская история в жизнеописаниях ее деятелей» 1888-жыл шыққан шығармалары тарийхый дерек сыпатында үйренилген.

Биз қарап шығатуғын тийкарғы мәселе - XIX әсирде жасаған қарақалпақ классик әдебиятының уллы ойшылы Күнхожаның қосықларында тарийхый шынлықты қарап шығамыз. Бул бойынша мағлыўматлар, «Жайлаўым», «Жарымадым», «Өлим», «Шопналар», «Күн қайда» шығармаларын тарийхый дерек сыпатында алып қараў әҳмийетке ийе. Усы көзқарастан алып қарағанда, халық аўызеки дөретиўшилиги шайырлардың қосық типинде жазылған шығармалары, XIX әсирде қарақалпақ тарийхы ушын мағлыўматлар береди. Күнхожа шайырдың шығармаларын әдебиятшылар, философлар, тарийхшылар Күнхожаның шығармаларында жәмийетлик сиясий философиялық көзқарасы, сондай-ақ әдебиятшылар тәрепинен Күнхожаның дөретиўшилик усыллары ҳәр тәреплеме изертлеген. Олардан С.П.Толстов, С.Камалов, Б.Исмаилов, А. Пирназаровларды атап өтсек болады.

Күнхожа Ибрайым улы (1799-1880 жж) Жаңадәрья бойларында туўылған, оның тийкарғы дөретиўшилиги

өмири қарақалпақ халқының Хийўа ханларының аймағында жасаған дәўири менен тиккелей байланыслы. Тийкарынан тарийхый дереклерге қарағанда, Қарақалпақ халқы Жаңадәрья бойына XVIII әсирлердиң орталарында келген. Оған шекем қарақалпақлардың жасаған жери Сырдәрьяның орта ҳәм төменги жағына жақын аймақ болған. Бул жердеги қарақалпақлар қазақлар менен аралас отырып, қазақ ханларынаң ҳәм феодалларына сиясий, экономикалық ғәрезлиликте жасаған. Бул қарақалпақлар жасаған аймақ халықтың аўызеки естеликлеринде де, әдебий шығармаларда да сондай-ақ, ҳәзирги бир қатар тарийхый әдебиятларда да «Түркстан» деп жүргизиледи. Түркстан менен қарақалпақ халкының бир неше әсирлик өмири байланыслы. Тарийхый мағлыўматлар бойынша бул жерде қарақалпақлардың тийкарғы массасы XVI әсирдиң ақырларынан XVIII әсирдиң орталарына шекем жасаған [1]. XVIII әсирдиң биринши шерегинде ҳәр қыйлы жерлерде жайласқан қарақалпақларды бириктириў талабы пайда болады. Сырдәрьядағы қарақалпақлар Заравшан ойпатында ҳәм Хорезмдеги қарақалпақлар менен байланыс орнатады. Заравшан ойпатындағы ҳәм Хорезмдеги қарақалпақлар «Түркстан» қарақалпақларының дөгерегине жәмлесе баслайды. Халық аңызы бойынша, сол әсирде Сырдәрья қарақалпақлары түркстанлылар, ал Түркстан барлық қарақалпақлардың аты журты деп аталған. Тарийхтан белгили болғанындай тоқтаўсыз посқынлық, жаўгершилик урыслар ақыбетинде қарақалпақ халқының турмысы жүдә аўырлы кешкен. Мысалы, 1723-жылы жунғарлардың шабыўы қарақалпақлардың жағдайын аўырластырып жибереди. XVIII әсирдиң биринши ярымында қарақалпақлардың буннан былайғы тәғдирине жунғарлардың XVII әсирден батысқа қарай басланған басқыншылық ҳәрекетлериниң Тауке хан тусында қарақалпақлардың әскерий табыслары арқасында тоқтатылыўы үлкен тәсир жасады.

1723-жылы Қазақ ханлығы жунгар Хун Тайчо Цеван – Рабдан әскерлериниң топылысына ушырайды. Қазақ халкының ҳәзирги ўақытқа шекемги ядында қалған ҳәм халық дәстанларында қайғылы қатарлар баян етилген «ақ табан шубырынды» басланады. Жунғарларға қарсы турыўға күши болмағанлықтан, ўайранланған аўылларын таслап, үш бағдар бойынша посып кетеди, Киши жүз батысқа Хийўаға ҳәм арқаға – Жайық және Эмба ойпатларына, Орта жүз – Орта Азияның орайлық ўәлаятларына - Самарқанд пенен Бухараға, Уллы жүз жунғарлардың үстемлигин мойынлады[2]. Усы ўақыяларға байланыслы қарақалпақлар екиге бөлинип кетеди, яки Сырдәрьяның жоқарғы жағына, Ташкентке ҳәм оның қубла батыс тәрепине қарап, яки дәрьяның төменги жағына, Арал теңизине қарай кетеди. Солай етип, төменги қарақалпақлар ҳәм жоқарғы қарақалпақлар болып бөлиниўин тамам болады. «Жоқарғы» қарақалпақлар жуғарларға сиясий ғәрезлиликке түсип қалады, ал төменги қарақалпақлар 1743-жылға шекем азлы-кем , 1762-жылға шекем толық түрде Киши жүзден ғәрезли болады.

Айырым изертлеўшилердиң Жаңадәрья жерлери XVIII әсирдиң ақырында ғана өзлестире баслады, деп көрсетиўине қарамастан, бизиңше бул ҳәрекет XVIII әсирдиң басында қолға алынған. Бирақ бундай оғада кең территория қысқа ўақыт ишинде, яғный 1743-жылғы қазақлардың шабылыўынан XVIII әсирдиң ақырына өзлестирип болыўы мүмкин емес. Хийўа хорникаларының мағлыўматларына қарағанда, Жаңадәрьяда қарақалпақлары 1715-жылы мәкан басқан [3]. Усыған тийкарланып, П.П.Ивановта, қарақалпақлар Жаңадәрьядағы жерлерди XVIII әсирдиң басында-ақ өзлестире баслаған, деген жуўмаққа келеди [4].

Демек, қарақлпақлар Жаңадәрьяда жасаған дәўирде олардың тарийхында үлкен әҳмийетке ийе болды. Бул жердеги қарақалпақлар шөлистаннан жер өзлестирип алып, хожалығын, жасаў турмысын раўажландырды.

XIX әирде қарақалпақлардың жәмийетлик дүзими XVIII әсирдегидей-ақ, феодаллық болып, ол жерге ири феодаллық меншиклик ҳәм инсанды езиўдиң тийкарғы усыллары бар еди. Қарақалпақларда урыўлық қалдықлары қарақалпақлардың турмысы менен идеологиясында оғада күшли еди. Қарақалпақларда урыўлық қәўимлик бөлиниў орын алған. П.П.Ивановтың атап көрсеткениндей, қарақалпақлар орта әсирлерде-ақ патриархаллық-қәўимлик укладтың ыдыраў процеси орын алғанлығын көремиз, ал XIX әсирдиң биринши ярымында «қәўимлик қабықтың» еле көзабаға сақланыўына қарамастан, класслық дифференциацияланыў оларда ең соңғы шегине жетеди» [5]. Жаңадәрьядағы қарақалпақлардың орайласқан мәмлекети болмаса да, қарақалпақлар бул дәўирде қазақ ханларының да, Хийўа ханларының да, сондай-ақ араллы өзбеклердиң қараўында да болмаған, урыў бирлеспелеринен ибарат арыслар басында турған бийлер арқалы басқарылып, басқа ханлықлардан ғәрезсиз жасаған ҳәм араллы өзбеклер менен аўқам жасай отырып Хийўа ханларының басып алыўшылығына қарсы, қазақ султанларының басып алыўшылығына да қарсы гүресип келген [6]. Қарақалпақ халкының Жаңадәрья бойындағы жасаў жағдайы аўыр болды. Бул жерде, тийкарынан, егислик жерлерди өзлестириў, екиншиден қазақ султанларының үзликсиз топылысларына қарсы, Хийўа ханларының қарақалпақларды өз қол астына алыўы процесси ҳәм атланысларына қарсы өз ғәрезсизлигин қорғаўға туўра келеди. Мине, усы дәўирде Күнхожаның «Жайлаўым» қосығында өз көринисин тапқан.

Ата журтым Түркстаннан келгели,
Ата-бабам қоныс басқан жайлаўым.
Анадан туўғалы, есим билгели,
Ойнап қатар өскен қалың жайлаўым.
Күн бойына байыр етип турақлы,
Мен кетермен әрман билен жырақлы,
Қамыс орып алтаў-жетеў орақлы,
Теристөбе, узын қайыр жайлаўым…[7].

деген қатарларында шайыр өзиниң туўлып өскен жерин сүўретлеп қоймастан, сол дәўирде халықтың социаллық жағдайын алып қараған. Усы қосықта:

Жайлаўым-жайлаўым айтпасам болмас,
Бул азапты биз сорлыға ким қылмас,
Биз сорлыға ҳешким келип жол салмас,
Әрман билен гүзар өткен жайлаўым,
Ҳақыйқат жайлаўым болмады мениң,
Өлгенше әрманың боларман сениң,
Әрманда болар ма жүргениң сениң,
Әрман билен гүзар өткен жаўлаўым…. деп көрсетеди. Бунда тийкарынан, сүўсызылық, ашлық, жаңа жерлерди өзлестириўде қыйыншылықты қарақалпақ халқының басына түскен аўыр социаллық экономикалық жағдайды көрсетип берген.

Күнхожа өз турмысының аўырлығы менен бирге, пүткил қарақалпақ халқының социаллық экономикалық турмысын тийкарынан, ҳәр бир қосығында жырлап өтеди. Мысалы оның «Өлим» қосығында;

Жылап-жылап шырақларым өшеди,
Бул истиң тәғдирин кимлер шешеди,
Йығлай-йығлай сорлы күни кешеди,
Не қыларман енди буған яранлар.
Зар жылап отыр ғой үйимниң иши,
Мениң жайым жертөлениң мүйеши,
Еки ул бар мениң өзимнен киши,
Не қыламан енди буны, ағалар….[8].

Тийкарынан, бул қосықта халықтың материаллық турмысының төменлиги инсанның жасайтуғын үйиниң тарлығы яки үйдиң жоқлығы кескин түрде сәўлеленген.

Сол дәўирде халықтың турмысының аўырлығын тарийхый фактлер сыпатында қараған ашаршылықтың себебин түсиндирип былай деген;

Теңизге аў салсақ ҳәргиз балық жоқ,
Бизди асырар шады- хуррам халық жоқ,
Мен сорлыға, ғәриплерге жарық жоқ,
Қараңғы думанда қалдым яранлар.
Дини Хорезмге пәрман әйлеген,
Удайына халыққа өтирик сөйлеген,
Залым болып елин-журтын бийлеген,
Залымлардан айыра түсер, яранлар.

Демек, XIX әсирдиң басында қарақалпақлардың экономикалық аўҳалы оғада аўыр болды. Хийўа ханының буйрығы бойынша көпшилик урыўлар Хорезмниң өзлестирилмеген жерлеринде мәкан басты ҳәм ашылыққа, кем-кемнен қырылып жоқ болыўға гириптар етилди, себеби жаңа суўғарыў тараўларын дузиў және тың жерлерди өзлестириў көп ўақытты талап ететуғын еди. Ашаршылық соншелли дәрежеге барып жетип, дийқанлар ҳәтте маллар жемейтуғын өсимликлердиң дәнлерин жеп күнелтиўге мәжбүр болған. Усындай қарақалпақ жарлыларының күн көриси оғада қыйын жағдайда болыўына қарамастан, Хийўа ханлары қарақалпақларды жаңа жерлерге келип қонысласыў менен-ақ мийнеткеш халыққа аўыр салықлар салды. Салықлардың барлық аўырманлық-ларын халықтың мойнында болды, ал урыўлардың үстем топарлары өз урыўласларының мәплерине қыянет етип, салық аўырманлықларынан өзлерин шетте тутты. Бул ҳаққында шайыр былай дейди;

Залымлардың бир қылығы ел гезер,
Оннан бетер халықты етер телбезер,
Қолынан келгенше табанға езер,
Бир басқа бир саўда болды, яранлар.

Күнхожаның «Күн қайда» қосығында халықтың аўыр турмысына қарамастан аўыр салықлар салғанлығын сөз етеди.

Салық салып усы халыға ҳәрдайым,
Салығын салыўға биз болдық қайым,
Бир жутым бул ўақытта болды уўайым,
Бул жүристен енди бизге күн қайда.

Қарақалпақларда социаллық-экономикалық турмыстың аўырманлығын сөз ете отырып шайыр;

Орақ орып, өмир бойы болдық қул,
Ислесек те ала алмадық қара пул,
Не жананлар байы өлип қалды тул,
Енди буған жайнап жаснар күн қайда,
Күни- түни жыйдық пишен, шалыны,
Гүздиң күни жыйдық писken тарыны,
Өмиринше бир тоймаған қарыны,
Аш, жалаңаш биз сорлыға күн қайда?

Бул қосықта шайыр XIX әсирде қарақалпақлардың аўыл хожалығында егилетуғын егинлердиң аты көрсетилген. Тарийхый дереклерге қарағанда тарының артықмаш жери, ол басқа егинлерге қарағанда тез писип жетилиседи ҳәм суўғарыўдан басқа тәрбияны талап етпейди. Көшип келиў процесинде жерлерди өзлестириўде тары егини көп егилген. Шайыр усы қосығында тары ҳәм салы егинлерин жыйнаў ўақтында қарақалпақлардың қыйыншлық жағдайын өз көзи менен көрип жазады.

Күнхожаның қосықларында жерсиз, малсыз жарлылардың аўыр турмысына итибар берилген. Бул тийкарынан тарийхый фактлер менен анықланған. XIX әсирдеги қарақалпақлардың социал-экономикалық турмысына сәйкес келеди. Себеби, шайыр сол дәўирде өзи көрген ўақыяларды қосық тийкарында жазып қалдырған. XIX әсирдеги қарақалпақлар турмысының өзине тән характерли белгилери жер суў, өндирис қуралларының урыў басым бөлеги феодаллардың қолында болған. Бирақ, XIX әсирде қарақалпақ урыўшылық жәмийети өндирис қуралларын жалпы урыўдың жәмәәт мүлки, меншиги ретинде пайдаланбады, керсинше бунда жеке, феодаллық меншикке тийкарланған территориялық жер суў аўыллық жәмийеттиң белгилери басым еди. Бул ҳаққында Күнхожаның «Шопанлар» қосығында айтып өткен.

Сарсылып күни-түни қойдың изинде,
Қан қалмай сарғайып қызыл жүзинде,
Қанлы жас қапланып еки көзинде,
Қула дүзде жүрген мынаў шопанлар.
Ийнинде жумыры салынған торға,
Měслерин арқалап қозғалтып зорға,
Төслери қақайып шығалмай қырға,
Асқар қумды аралаған шопанлар.

Деп шаруа байлар қолында езилген шопанлардың аўыр жағдайын көрсетеди. Усы қосықта былай дейди;

Ата-аналары, өлип жасынан,
Таз болып торағы ағып басынан,
Қызыл қум сел болып көздиң жасынан,
Жай таба алмай жүрген мынаў шопанлар,
Аш болса кейнине ермей ийтлери,
Тарыққаннан тарғыл болып бетлери,
Қус түткендей тилким-тилким етлери,
Азаптан шыға алмай жүрген шопанлар.

Шопанлар қосығында ашлықтан адамлардың жүзинен қаны қашып, күни-түни тынымсыз, жалаңаш қызыл қумды аралап, бул дүньяның рәҳәтинен бос қалған, елсиз, күнсиз қула далада жүрген шопанлардың көзи тынып, сарсылған, қайғы-қапалық, етлерин қус түтип кеткендей тилким, бетлерин тор басқан, үстинде шапаны бийтлери ағып, арқасын таяқ тилип езилген, топыраққа былғанып, шаң жутып күнниң ыссысында да, суўықта да төсексиз далада жатқан шөпанлардың аўыр турмысын көрсетип берген. Сондай-ақ, шайыр шопанлардың бундай аўҳалға ким салғанлығын айтады.

Жетим болып шарға болған бойлары,
Бир ылаққа үш жыл жүрген шопанлар,
Қайнаған ыссыда қумларды басып,
Алаңлап көзлери, ақылдан сасып,
Қойы жайылғанда арқасын қасып,
Күни ушын жүрген байғус шопанлар.

Бул қосықта шайыр жерсизликте, малсызлықта жасаған халық байлардың қойын баққанлығын сүўретлейди. Тарийхый дереклерге қарағанда қарақалпақларда XIX әсирде «төлжар» деп аталатуғын форма киргизилген бунда қой бағыў ушын шопан жайлаўдың бир түри усылай деп аталған. Бул түри бойынша байдың 100 қойынан 100 қозы ала билсе, өзине 50 қозы алыўы тийис болған, егер 100 ден кем туўса хеш нәрсе ала алмайтуғын болған. Ол ўақыттағы жағдайда 100 қойдан 100 қозы туўдырып аламан деп шопан әрман етип, өмиринше жүре берген. Бай шаруалар усындай ҳийле менен өзин шопан-жумысшы күши менен мутқа тәмийинлеген [9]. Демек, Күнхожа жасаған дәўирде қарақалпақлардың социаллық-экономикалық турмысының аўыр жағдайлары тарийхый фактлер арқалы дәлиллеп берилген. Соныда айтып өтиў орынлы XIX әсирдеги қарақалпақ поэзиясы қарақалпақ тарийхын үйрениўдеги тарийхый дерек сыпатында әҳмийетли.

**Әдебиятлар**


1. Камалов С. Қарақалпақлардың XIX әсирдеги Хийўа ханларына қарсы халық азатлық гүреслери. -Н.: 1955. 9-б.
2. Жданко Т. А. Очерки исторической этнографии Каракалпаков. -М.: 1950, 130-б.
3. История Каракалпакской АССР. -Н.: 1975. Т. 1. 157-б.
4. Иванов П.П. Очерки истории Каракалпаков, Материалы по истории каракалпаков. –М.: 1935. –С. 67.
5. Иванов П.П. Новые данные о каракалпаках. Советское востоковедение. –М.: 1945. –Т. 3. –С. 66.
6. Камалов С. Завоевание каракалпаков Хивинским ханами. -Н.: 1958.
7. Күнхожа (сайланды шығармалар жыйнағы). –Нөкис: 2019. 6-б

8. Күнхожа (сайланды шығармалар жыйнағы). –Нөкис: 2019. 8-б.
9. Косбергенов Р.К. Присоединение Каракалпакии к России. –Нукус: 1972. –С. 237.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ шоири Кунхожа асарлари мисолида XIX асрда қорақалпоқларнинг ижтимоий-иқтисодий ҳаётидаги вазият ўрганилган. Қорақалпоқ халқининг ҳаёти таҳлил қилинади, шуниндек, «Жайлаўым», «Ўлим», «Кун қайда», «Шопанлар» шерларидаги тарихий воқеалар таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается ситуация в социально-экономической жизни каракалпаков XIX века на примере произведений каракалпакского поэта Кунходжи. Анализируется жизнь каракалпакского народа, исторические события на основе стихотворении «Жайлаўым (Моя долина)», «Өлим (Смерть)», «Күн қайда» (Когда наступит такой день?), «Шопанлар (Пастухи).

**SUMMARY**

The article discusses the situation in the socio-economic life of Karakalpak in the XIX century on the example of the works of Karakalpak poet Kunkhodza. The life of the Karakalpak people, was analysed by historical events in the poems "Zhailau (My Valley)", "OLim (Death)", "Kun kaida" (when will come such day?), "Shopanlar (shepherds

## МАРКАЗИЙ ОСИЁ СИЁСИЙ ЎЗГАРИШЛАР ДАВРИДА

**Ш.Ҳайдаралиев** – *тарих фанлари номзоди*
*Наманган давлат университети*

**Таянч сўзлар:** геосиёсат, "Марказий Осиё руҳи", глобаллашув, минтақавий ҳамкорлик, форум, конвенция, этносиёсат, яхши қўшничилик, пандемия, гуманитар ёрдам, расмий ташриф, маслахат учрашуви, Аваза, туризм.

**Ключевые слова:** геополитика, «Дух Центральной Азии», глобализация, региональное сотрудничество, форум, конвенция, этнополитика, добрососедство, пандемия, гуманитарная помощь, официальный визит, консультационная встреча, Аваза, туризм.

**Key words:** geopolitics, "Spirit of Central Asia", globalization, regional cooperation, forum, convention, ethnopolitics, good neighborliness, pandemic, humanitarian aid, official visit, consultation meeting, Avaza, tourism.

Ҳозирги замонда глобал миқёсда шиддатли ўзгаришлар юз бермоқда, халқаро майдонда кучларнинг янги нисбати шаклланмоқда. Шу билан бирга, халқаро майдонда янги таҳликалар пайдо бўлмоқда ва бу ҳолат дунё давлатларини юзага келаётган муаммоларга муносиб ечим топиш, сиёсий ва иқтисодий стратегияларни янгилашга мажбур қилмоқда.

Ушбу жараёнлар Марказий Осиё минтақаси, жумладан, Ўзбекистонга ҳам дахл қилмай қолмайди. Йирик давлатларнинг манфаат ва мақсадлари ўзгаришсиз қолиб минтақавий муаммолар глобаллашуви жараёни ва иштирокчиларнинг сони ортиб бормоқда. Натижада минтақа ва худудларда сиёсий тўқнашувлар, давлат тўнтаришлари, иқтисодий ва ижтимоий тенгсизликлар кучайиб бориши оқибатида давлатлар ўртасида сиёсий табақаланиш ва иттифоқчилик принциплари авж олиб бормоқда. Йирик давлатлар муаммоларни ечимини излашда тинч сиёсий йўл излаш ўрнига сиёсий беқарорликни келтириб чиқариш ёки иқтисодий тангликни юзага келтириш йўлини танламоқдалар.

"Йирик давлатлар интилишларининг тўқнашуви минтақа мамлакатлари манфаатларига жавоб бермайди. Чунки улар Марказий Осиё давлатлари олдига баъзан «геосиёсий танлов» шартини қўяди ва бунда бир томонга ёндашиш бошқа томон билан муносабатларда кескинликни келтириб чиқариши мумкин" деб таькидлади Ўзбекистон ТИВ раҳбари Абдулазиз Камилов «Янги Ўзбекистон» газетасига берган интервьюсида [12].

XXI асрнинг бошларида жаҳонда юз берган сиёсий, иқтисодий-молиявий, ўзгаришлар халқаро муносабатларнинг жиддий ўзгаришига олиб келди ва давлатлардаги ижтимоий-сиёсий жараёнларга таъсир кўрсатди. Оқибатда дунёнинг бир минтақасида содир бўлаётган турли этник ва сиёсий қарама-қаршиликлар, молиявий иқтисодий инқироз ва қуролли тўқнашувлар бошқа ҳудудларга жуда тез тарқалиб миллий, этник, диний, ҳудудий, сиёсий аҳамият касб этган можаролар сонининг ортишига, минтақавий хавфсизлик ва барқарорликка таҳдидларнинг кучайишига сабаб бўлмоқда. Шу тариқа Янги Ўзбекистон янги стратегиясида дунё сиёсий аҳлига янгича сиёсий рух ва ўзаро ишонч принципларига таянган холда ташқи сиёсат асосларини таклиф этмоқда. Президентимиз Ш.М.Мирзиёев бошчилигида таклиф этилаётган сиёсий тенглик, барқарорлик ва яхши қўшничилик сиёсати фақатгина Марказий Осиё нуқтаи назаридан эмас, балки бутун ён қушни минтақалар манфатларини ҳисобга олган холда олиб борилмоқда. Янги Ўзбекистонни барпо этишда ташқи сиёсатга, дунёдаги олис ва яқин давлатлар билан дўстона хамкорлик алоқаларини ривожлантиришга алохида эътибор берилмоқда. "Ўзбекистон Республикасининг Ташқи сиёсий концепцияси такомиллашмоқда. Дунёда Янги Ўзбекистонга нисбатан ишонч руҳи ва хамкорликнинг янги қирралари очилмоқда" [2].

Мамлакатимиз янгиланиш даврига қадам қўйган биринчи кунлардан бошлаб очиқ, прагматик ва амалий ташқи сиёсат юритиш, дунёдаги барча тараққийпарвар мамлакатлар, айниқса, қўшни давлатлар билан яқин дўстлик ва ҳамкорлик муносабатларини мустаҳкамлашга устувор аҳамият қаратмоқдамиз. Ўзбекистон ўтган даврда ана шу стратегик йўлга доимо содиқ қолиб, ўз шериклари ҳамда халқаро ташкилотлар олдидаги мажбуриятларини тўлиқ бажариб келмоқда. Минтақадаги ёки дунёдаги низо хамда муаммоларни сеник ёки ўзганики карашлари асосида эмас умумий сиёсий ва хуқуқий принципларга асосланиб ҳал этиш йўлларини таклиф этмоқда. "Биринчи навбатда, қўшни давлатлар билан муносабатларимизда йиллар давомида йиғилиб қолган муаммолар ҳал этилди. Чегаралар очилди. Қўшни – қўшниси билан, ака – укаси, ота – боласи, қариндош – қариндоши билан узилиб қолган алоқаларни тиклаб, бир мамлакатдан иккинчи давлатга эмин-эркин бориб кела бошлади. Виза масалалари ҳал этилди. Савдо-иқтисодий ва маданий-гуманитар алоқаларимиз жадал ривожланмоқда.

Азал-азалдан ўзаро қардош ва биродар бўлган мамлакатларимиз кўпгина минтақавий ва глобал масалалар, ижтимоий-иқтисодий тараққиёт бўйича яқин ҳамкорликда ҳаракат қилишни бошлади. Жаҳон сиёсатшунослигида "Марказий Осиё руҳи" деган ибора пайдо бўлди" [2].

Бугунги ташқи сиёсатда Марказий Осиёга устуворлик берилаётганини илғаш мушкул эмас. Бу — ҳар томонлама чуқур ўйлаб танланган йўл, деб ҳисоблаймиз. Марказий Осиёнинг қоқ марказида жойлашган Ўзбекистон ушбу минтақа барқарорлик, изчил тараққиёт ва яхши қўшничилик ҳудудига айланиши тарафдори ва ташаббускори.

Ўзбекистон Республикаси Президенти Шавкат Мирзиёев Марказий Осиё давлатлари — бизнинг бевосита қўшниларимиз билан дўстона, яқин қўшничилик ва ўзаро манфаатли алоқаларни